

**LÒD KOMISÈ SANTE AK IJYÈN MANTAL LA  
POU EGZIJE VAKSINASYON KONT COVID-19 NAN ESPAS TRAVAY**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 12 mas 2020, Majistra Bill de Blasio te pibliye Dekrè Egzekitif Dijans Nimewo 98 la ki deklare yon eta dijans akoz katastwòf nan Vil la pou reponn a menas COVID-19 poze pou sante ak byennèt rezidan Vil la yo, epi Dekrè sa a toujou rete anvigè; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 25 mas 2020, Komisè Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la te deklare egzistans yon ijans sante piblik anndan Vil la pou reponn a menas COVID-19 kontinye poze pou sante ak byennèt rezidan Vil la yo, epi deklarasyon sa a ak ijans sante piblik sa a kontinye rete anvigè; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, virus COVID-19 la kontinye ap pwopaje ak mite, epi nan dat 26 novanm 2021, Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS) te deklare yon nouveau varyant COVID-19, yo rele Omicron, ki se yon varyant preyokipant epi evidans preliminè yo sigjere gen plis risk reyenfeksyon ak pwopagasyon toupatou nan lemonn, ki gen ladan nan Etazini; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 26 novanm 2021, Gouvènè Eta New York Kathy Hochul te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 11 lan pou reponn a nouveau menas ki fenk frape COVID-19 kontinye poze toupatou nan Eta a, kote yo jwenn ke New York ap travèse transmisyon COVID-19 nan yo to Eta a pa te wè depi avril 2020 epi to nouveau moun ki entène lopital akòz COVID-19 yo t ap ogmante pandan mwa ki sot pase a rive plis pase 300 nouveau moun ki entène pa jou; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, COVID-19 pwopaje lè yon moun ki enfekte ekspire virus la deyò epi lòt moun vin respire yo oswa yo tonbe sou zye, nen, oswa bouch, moun ki pi pre pase distans 6 pye de moun ki enfekte a pral gen anpil chans vin enfekte tou, sa ki fè risk transmisyon COVID-19 la pi elve nan anviwònman espas travay yo akòz moun pwòch lòt moun epi y ap pataje espas biwo yo ak enstalasyon yo tankou twalèt yo, asansè yo, espas antre yo, sal reyinyon ak sal pòz yo, ak lòt espas kolektif yo; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, OMS ak Sant pou Kontwòl ak Prezansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) Etazini an te konseye tout moun pou yo pran mezi pou redui risk yo pou COVID-19, sitou varyant Delta ak Omicron an, ki gen ladan vaksinasyon, ki se yon zouti efikas pou anpeche pwopagasyon COVID-19 epi li alafwa nan avantaj moun ki pran vaksen an ansanm ak moun yo antre an kontak avèk yo, ki gen ladan moun ki akòz laj yo, sante yo, oswa lòt kondisyon fè yo pa kapab pran vaksen an; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon etid Yale University te fè ki demonstre yo estime kanpay vaksinasyon Vil la te anpeche apeprè 250,000 ka COVID-19, 44,000 moun entène lopital ak 8,300 lanmò akòz enfeksyon COVID-19 soti kòmansman vaksinasyon an rive 1ye jiyè 2021, epi Vil la panse kantite ka, moun entène lopital ak lanmò li anpeche yo te ogmante plis ankò depi lè sa a; epi ke ant 1ye janvye 2021 ak 15 jen 2021, plis pase 98% moun ki entène lopital ak lanmò yo akòz enfeksyon COVID-19 se te moun ki pa t fin vaksinen nèt;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yon sistèm vaksinasyon ki egzije anplwayè yo pou yo aplike règleman vaksinasyon yo pou anplwaye yo pral gen chans sove lavi yo, pwoteje sante piblik, ak ankouraje sekirite piblik; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 9 septanm 2021, Prezidan Biden te pibliye yon Dekrè Egzekitif ki deklare ke "Li esansyèl pou anplwaye federal yo pran tout mezi ki disponib pou pwoteje tèt yo ak evite simaye COVID-19 bay kòlèg yo ak manm popilasyon an," epi li te bay chak ajans federal lòd pou yo "aplike nan mezi ki konfòm ak lalwa aplikab, yon pwogram ki egzije vaksinasyon kont COVID-19 pou tout anplwaye federal li yo, eksepte sèlman jan lalwa mande"; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 16 out 2021, Majistra Bill de Blasio te siyen Dekrè Egzekitif Dijans Nimewo 225, "Key to NYC", ki egzije anplwaye yo, ansanm ak kliyan yo, nan etablisman ki ofri divètisman, manje, ak kondisyònman fizik anndan yo pou yo montre prèv omwen yon dòz yon vaksen kont COVID-19 yo apwouve, epi Dekrè sa a, jan yo te repibiliye 1 nan Dekrè Egzekitif Nimewo 316 la nan dat 13 desanm 2021 an, toujou anvigè; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 24 out 2021, mwen te pibliye yon Dekrè ki egzije anplwaye, kontraktè, ak vizitè yo ki vin nan Depatman Edikasyon an (Department of Education, DOE) pou yo montre prèv vaksinasyon kont COVID-19 avan yo antre nan biling oswa anviwònman lekòl DOE yo, epi mwen te repibiliye Dekrè sa a nan dat 12 ak 15 septanm 2021, epi mwen te amande 1 apresa nan dat 28 septanm 2021, epi Konsèy Administrasyon Sante a te ratifye Dekrè sa a ak amandman sa a nan dat 17 septanm 2021 ak 18 oktòb 2021; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 12 septanm 2021, mwen te pibliye yon Dekrè ki egzije pou anplwaye pwogram oswa sèvis pou timoun piti yo bay sou kontra ak Depatman Edikasyon an oswa Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè a pou yo bay prèv vaksinasyon kont COVID-19, epi Konsèy Administrasyon Sante a te ratifye Dekrè sa a nan dat 17 septanm 2021; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 20 oktòb 2021, mwen te pibliye yon Dekrè ki egzije anplwaye Vil la yo pou yo bay ajans oswa biwo yo prèv vaksinasyon yo nan dat 29 oktòb 2021 opita, sinon y ap retire yo nan espas travay yo, epi nan dat 31 oktòb 2021, mwen te pibliye yon Dekrè siplemantè, epi Konsèy Administrasyon Sante a te ratifye toude Dekrè sa yo nan dat 1 novanm 2021; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 17 novanm 2021, mwen te pibliye yon Dekrè ki egzije anplwaye pwogram timoun piti yo, epi jan sa defini ladan li an, ak nan pwogram entèvansyon bonè yo, pou yo pran vaksinasyon kont COVID-19 la, epi Konsèy Administrasyon Sante a te ratifye Dekrè sa a nan dat 19 novanm 2021; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 2 desanm 2021, mwen te pibliye yon Dekrè ki egzije tout anplwaye ak benevòl ki pa nan lekòl piblik yo yo pran vaksinasyon kont COVID-19 la; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, annakò ak Seksyon Seksyon 558 nan Chart Vil New York la ("Chart la"), Konsèy Administrasyon Sante a ka adopte nan Kòd Sante a tout kesyon ak sijè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la ("Depatman an") gen pouvwa ak otorite sou yo; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, annakò ak Seksyon Seksyon 556 Chart la ak Seksyon 3.01(c) Kòd Sante a, Depatman an gen otorizasyon pou 1 sipèvize kontwòl maladi kontajyez yo ak kondisyon yo ki danjere pou lavi ak sante epi pran mezi jan sa nesesè pou asire antretyen ak pwoteksyon sante piblik; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, Seksyon 17-104 Kòd Administratif Vil New York la ("Kòd Administratif") bay Depatman an dwa pou 1 adopte mezi rapid ak efikas pou anpeche pwopagasyon maladi enfektyez yo tankou COVID-19, epi annakò ak Seksyon 17-109(b) Kòd Administratif la, Depatman an ka adopte mezi vaksinasyon yo pou anpeche pwopagasyon maladi kontajyez yo nan fason efikas; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, annakò ak Seksyon 3.01(d) nan Kòd sante a, mwen gen otorizasyon pou m pibliye dekrè yo epi pran mezi mwen jije ki nesesè pou sante ak sekirite Vil la ak rezidan li yo lè nou bezwen pran mezi sante piblik dijans pou pwoteje sante piblik kont yon menas ki egziste ak yon sante piblik dijans yo te deklare annakò ak seksyon sa a; epi

**KOUNYE A, POU REZON SA YO**, Mwen, Dave A. Chokshi, MD, MSc, Komisè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la, jije ke kontinye genyen yon ijans sante piblik anndan Vil New York, epi li nesesè pou sante ak sekirite Vil la ak rezidan li yo, avèk dokiman sa a, pou m egzèse otorite Konsèy Administrasyon Sante a pou anpeche, kalme, kontwole ak apeze ijans aktyèl la, epi avèk dokiman sa a, mwen bay lòd:

1. Kòmanse 27 desanm 2021, travayè yo dwe bay yon antite konsène yo prèv vaksinasyon kont COVID-19 anvan yo antre nan espas travay la, epi yon antite konsène yo dwe retire nenpòt travayè ki pa te bay prèv sa a nan espas travay la, eksepte jan sa dekri nan paragraf 5 lan.
2. Antite konsène yo dwe veifyre prèv vaksinasyon travayè yo. Antite konsène yo dwe:
  - a. kenbe yon kopi prèv vaksinasyon chak travayè, epi si aplikab, yon dosye aranjman rezonab la (yo) jan sa dekri nan (b)(iv); *OSWA*
  - b. kenbe yon dosye prèv vaksinasyon sa a, a kondisyon dosye sa a dwe gen ladan:
    - i. non travayè a; ak
    - ii. si moun sa fin vaksinen nèt; ak
    - iii. pou yon travayè ki soumèt prèv premye dòz yon vaksen ki mande pou pran de dòz, li dwe bay dat li konte bay prèv dezyèm dòz la, ki pa dwe pi ta pase 45 jou apre prèv premye dòz li te soumèt la; ak
    - iv. pou yon travayè ki pa soumèt prèv vaksinasyon kont COVID-19 akòz yon aranjman rezonab, dosye a dwe endike ke yo te fè aranjman sa a, epi antite konsène a dwe kenbe yon dosye apa ki make sou kisa yo baze pou fè aranjman sa a ak nenpòt dokiman sipò travayè sa a te bay; *OSWA*
  - c. tcheke prèv vaksinasyon an avan yo otorize travayè antre nan espas travay la epi kenbe dosye verifikasyon an.

Pou yon travayè ki pa yon anplwaye, tankou yon kontraktè, yon antite konsène ka mande anplwayè travayè a pou 1 konfime prèv vaksinasyon an olye yo kenbe dosye ki anwo a. Yon antite konsène dwe kenbe yon dosye pou demand ak konfirmasyon sa a.


Yo dwe trete dosye yo kreye oswa kenbe annakò ak seksyon sa a kòm konfidansyèl.

Yon antite konsène dwe, lè yon ajans Vil la mande, mete dosye yo mande pou kenbe nan seksyon sa a disponib pou enspeksyon, annakò ak lalwa aplikab la.

3. Apati 27 desanm 2021 oplita, yon antite konsène dwe afime sou yon fòmilè Depatman an bay pou montre li konfòm ak egzijans yo nan paragraf 2 Dekrè sa a epi afiche afimasyon an nan yon kote moun ka wè l.
4. Nan kad Dekrè sa a:
  - a. "Antite konsène" vle di:
    - i. yon antite ki pa nan gouvènman an ki anboche plis pase yon travayè nan Vil New York, oswa ki gen yon espas travay nan Vil New York; oswa
    - ii. yon travayè otonòm oswa yon praktisyen endependan ki travay nan yon espas travay oswa ki entèraji ak travayè yo oswa piblik la nan kad dewoulman aktivite biznis yo.
  - b. "Fin vaksinen nèt" vle di omwen de semèn te pase apre yon moun te resevwa yon sèl dòz yon vaksen kont COVID-19 ki mande pou pran yon sèl dòz, oswa dezyèm dòz yon seri vaksen kont COVID-19 ki mande pou pran de dòz ke Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman oswa Oganizasyon Mondyal Lasante apwouve oswa otorize, oswa nenpòt lòt sikontans Depatman an te defini nan direktiv li yo ki asosye ak Dekrè sa a.
  - c. "Prèv vaksinasyon" vle di youn nan dokiman ki annapre la yo k ap montre ke yon moun te (1) fin vaksinen nèt kont COVID-19; (2) te resevwa yon dòz nan yon vaksen kont COVID-19 ki mande pou pran yon sèl dòz; oswa (3) te resevwa premye dòz nan yon vaksen kont COVID-19 ki mande pou pran de dòz, a kondisyon ke yon travayè k ap bay prèv sèl dòz sa a bay prèv 1 ap resevwa dezyèm dòz vaksen sa a nan yon delè 45 jou oplita apre 1 te resevwa premye dòz la:
    - i. Yon Kat Vaksinasyon kont COVID-19 CDC oswa lòt kanè vaksinasyon ofisyèl yon jiridiksyon, vil, eta, oswa peyi kote ou te pran vaksen an te bay oswa yon pwofesyonèl swen sante oswa lòt iminizatè yo apwouve pou bay vaksen an te bay, ki gen sou li non moun nan, mak vaksen an, ak dat li te pran li an. Yon foto nimerik oswa fotokopi dosye sa a akseptab tou.
    - ii. Aplikasyon New York City COVID Safe la k ap montre yon dosye vaksinasyon;
    - iii. Yon Excelsior Pass/Excelsior Pass Plus Eta New York ki valid;
    - iv. CLEAR Health Pass; oswa

- v. Nenpòt lòt metòd Komisè a presize kòm akseptab pou montre prèv vaksinasyon an.
- d. "Travayè" vle di yon moun ki travay an pèsòn nan Vil New York nan yon espas travay. Travayè gen ladan yon manm anplwaye ki travay aplentan oswa a tan pasyèl, anplwayè, anplwaye, estajyè, benevòl oswa kontaktè yon antite konsène, ansanm ak yon travayè otonòm oswa yon praktisyen endepandan.
- Travayè pa gen ladan:
- i. yon moun ki tavay lakay li epi anplwa li pa mande pou l entèraji ak kòlèg li yo ak manm piblik la an pèsòn;
  - ii. yon moun ki antre nan espas travay la pou yon vyek ti tan ak bi limite; oswa
  - iii. rezidan ki pa abite nan Vil la ki se atis k ap pèfòme sou sèn, espòtif inivèsitè oswa pwofesyonèl yo, oswa lòt moun k ap vwayaje ak atis k ap pèfòme sou sèn, espòtif inivèsitè oswa pwofesyonèl sa yo ki pa bezwen montre prèv vaksinasyon annakò ak pwogram Key to NYC a, Dekrè Egzekitif Nimewo 316 ak lòt Dekrè ki vin apre li yo.
- e. "Espas Travay" vle di nenpòt lokalite, ki gen ladan yon machin, kote travay la fèt an prezans yon lòt travayè yo oswa manm piblik la.
5. Pa gen anyen nan Dekrè sa a ki gen efè pou entèdi aranjman rezonab yo pou rezon medikal oswa relijye.
6. Dekrè sa a pa dwe aplike pou antite oswa moun endividyle konsène yo ki deja dwe respekte yon lòt Dekrè Komisè Depatman an, Konsèy Administrasyon Sante a, oswa yon antite Eta oswa federal ki anvigè epi ki egzije pou yo kenbe oswa bay prèv vaksinasyon konplè oswa pou moun yo te fè aranjman rezonab pou yo annakò ak egzijans sa a.
7. Dekrè sa a dwe antre anvigè touswit, epi l ap rete anvigè jiskaske yo anile 1, epi Konsèy Administrasyon Sante a gen otorite pou l kontinye, anile, chanje, oswa modifye Dekrè sa a annakò ak Seksyon 3.01(d) nan Kòd Sante a.

Nan dat: 13 desanm 2021



---

Dave A. Chokshi, MD, MSc  
Komisè